**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

# कोभिड - १९ के बिमारीके जल्दि आ सहज ईलाजके लेल एयर लिफ्टिङके व्यवस्था

## १ लिफ्टिङ केकरा करतै ?

ईलाज करारहल अस्पतालमे बिमारीके ईलाज सम्भाव नै हेतै कहिक ईलाज करहल चिकित्सकके सिफारिस कएल गम्भिर प्रकृतिके कोभिड - १९ के बिमारीके ।



## २ लिफ्टिङ के करतै ?

कोभिड - १९ के बिमारीके लिफ्टिङ कर सूचिकृत हवाई/विमान कम्पनी । लेकिन, नेपाल सरकारके मातहतमे रहल नेपाली सेनासँ सञ्चालनमे आएल हवाई/विमान साधन पहिल प्राथमिकतामे परतै ।

## ३ लिफ्टिङ विमानके लेल आवश्यक जनशक्तिके व्यवस्था कि होब परतै ?

एककोई मेडिकल अफिसर सहित कम्तिमे २ कोई स्वास्थ्यकर्मी अनिवार्य होब परतै ।



## ४ लिफ्टिङके लेल चार्टर कएलगेल विमानके किराया के तरतै ?

लिफ्टिङके लेल चार्टर कएलगेल विमानके भाडा भुक्तानीके जिम्मेवारी बुकिङ करवला ब्यक्ति या सँस्थाके हेतै । विमान कम्पनी तोकलगेल किराया सँ बेसी किराया लेब नै पाओत ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/13o2uP67Y05UfvTOuZUI9MT3A1h_yuXMo/view

# नेपाल अपडेट



कोभिडके कारण मृत्यु भेल प्रदेश अस्पताल सुर्खेतके वरिष्ठ चिकित्सक हरि सापकोटा प्रति श्रद्धान्जली अर्पण करैत ।

तस्बिर: कुमार शमसेर थापा

**परिक्षण**

पिसिआर परिक्षण: १०,८८,२२९

पोजेटिभ: ७९,७२८

उपचाररत: २३,५०७

मृत्यु : ५५४

सन्चो भएका : ६५,२०२




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



आन्तरिक उडानमे यात्रा करवला यात्रुके सेहो कोरोना संक्रमण नै छै कहिक फारम भर परैत छै कहादन । कि पिसिआर परीक्षण करहे परतै ?

आन्तरिक उडान मार्फत यात्रा करवला यात्रुके यात्रा कर सँ पहिले पिसिआर परीक्षणे कर नै परतै । लेकिन, कोरोनाके सम्भावित लक्षण नै छै कहिक स्वघोषणा फारम मुदा भर परैछै । साथसाथे १४ दिन भितर तेहन लक्षण देखाएल आदमीके सम्पर्क मे नै रहल बात ठिक छै, झुठा ठहरलापर कारवाही भोगा तैयार छी कहिक अपन सम्पर्क नं. सहित विस्तृत विवरण भर परैत छै ।

स्रोत: https://ccmc.gov.np/drms/



वैदेशिक रोजगार बोर्डके कार्यालय बन्द छै कहादन ? आरो सब सरकारी कार्यालय त खुलिरहल छै, नै त ?

वैदेशिक रोजगार बोर्डके सचिवालयमे कार्यरत कर्मचारीमे कोभिड -१९ के संक्रमण भेला सँ दोसर सूचना नै भेलातक सचिवालयसँ प्रदान कएल जायवला आर्थिक सहायता सम्बन्धी सम्पूर्ण सेवा बन्द होबके सूचना वैदेशिक रोजगार बोर्डके सचिवालय सार्वजनिक केने छै । लेकिन, ब्यक्तिके जरुरतके कागजात सहित स्थानीय तहमे निवेदन दळ स्थानीय तहसँ कागजात प्रमाणित कळक आधिकारीक ईमेलसँ सचिवालयके ईमेल info@fepb.gov.np मे प्राप्त भेलापर सचिवालय कागजात प्रमाणित कळ सम्बन्धित दआदमीके बैंक खातामे आर्थिक सहायताके रकम पठादेत । ई संगे, बोर्डके सचिवालयसँ अत्यावशयक सेवा अन्तरगत होबवला शव ढुवानीके काज सेहो सुचारु रहतै ।

स्रोत: http://fepb.gov.np/detail/98/suchana



नीजि अस्पतालसभ पिसिआर शुल्क सरकारद्वारा तोकल सँ बेसी लळरहल अछि । हुनकासभके कोनो कार्वाही नै हेतै ?

गुणस्तर मापन तथा नियमन महाशाखाके अनुसार अनेक ८ टा प्रयोगशाला - ह्याम्स अस्पताल, डिकोड ल्याव, ईन्टिपेड ल्याव, नेपाल मेडिसिटी हस्पिटल, सिडिएल, स्टार अस्पताल, बि एण्ड बि अस्पताल आ सुर्या हेल्थकेयरद्वारा बेसी शुल्क लळक परीक्षण केने भेटल छलै । हुनकासभके एकबेरके लेल चेतावनी देलगेल आ तेकरबाद तोकलगेल शुल्क नै लेने भेटलापर या शुल्क समायोजन नै केलापर प्रयोगशालाके परीक्षण स्वीकृती खारेज करके निर्णय सरकार केने छै । तहिना कळक कोभिड - १९ के पिसिआर शुल्क रु. २००० सं बेसी लेबवला प्रयोगशालाके काला बजारीका कसुरमे प्रयोगशाला बन्द कराबके लेल कार्वाही करके सेहो सरकार निर्णय केने अछि ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/videos/247766323326407



स्वास्थ्य मापदण्ड पालना नै करवलाके आब जरिवाना तिर परतै कहादन । कति तिर परतै ?

सरकाद्वारा अखन सबके जनस्वास्थ्यके मापदण्ड पालना कर कहिक आग्रह केने छै । लेकिन, न्युन रुपमे मात्रे एकर पालना भळरहल छै । अई सँ संक्रमणके जोखिम बढल बातके मध्यनजर करैत जनस्वास्थ्यके मापदण्ड उल्लंघन करवला आदमीके जरिवाना करके लेल जरिवानाके दर निर्धारण कळ प्रस्ताव तैयार कळ स्वीकृतीके लेल पेश करके निर्णय ईन्सिडेन्ट कमाण्ड सिस्टम केने अछि । लेकिन, जरिवाना लेबके तैयारी करैत रहितो कि कते जरिवाना हेतै कहिक निर्णय नै भचुकल छै ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/videos/3709948319050146

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

**साउदी अरब**
३,३४,४५१ नेपाली
३,३६,३८७ संक्रमित
४,१०७ नेपाली संक्रमित
५२ मृत्यु भएका नेपाली

**कुवेत**
७१,१९३ नेपाली
१,०७,०२५ संक्रमित
१,७३५ नेपाली संक्रमित
७ मृत्यु भएक नेपाली

**बहराईन**
२६,००० नेपाली
७२,६६२ संक्रमित
४५१ नेपाली संक्रमित
३ मृत्यु भएका नेपाली

**कतार**
४,०६,९१७ नेपाली
१,२६,४९८ संक्रमित
२४,३०४ नेपाली संक्रमित
१८ मृत्यु भएका नेपाली

**युएई**
२,२४,९०५ नेपाली
९८,८०१ संक्रमित
२,४०० नेपाली संक्रमित
३७ मृत्यु भएका नेपाली

**ओमान**
१७,०५७ नेपाली
१,०१,२०७ संक्रमित
४५ नेपाली संक्रमित
१ मृत्यु भएका नेपाली

**मलेसिया**
५००,००० नेपाली
१२,३८१ संक्रमित
८१ नेपाली संक्रमित

**दक्षिण कोरिया**
३८,८६२ नेपाली
२४,१६४ संक्रमित
२ नेपाली संक्रमित



- गन्तव्य राष्ट्रमे संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमे नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमे संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमे मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## कोभिड - १९ के कारणसँ UAE मे परिवर्तन भेल भिषा सम्बन्धी नियम




१ भिषाके म्याद १ मार्च २०२० सँ पहिले खतम भेल छै आ ओकरा नविकरण नै कराएल गेल छै त, एहन अवस्थामे ओहन आदमी आम माफीमे परला सँ १७ नोभेम्वर २०२० तकमे यूएई छोडलापर कोनो जरिवाना नै लगतै ।

२ मार्च १ सँ जुलाई १२ तकमे भिषा अवधी खतम भेलासभके १० अक्टोवर २०२० तकमे नविकरण कर परतै अथवा नयाँ भिषा लेब परत । अन्यथा देश छोईडदेब परत । जुलाई १२ के बाद मुदा, युएईके नियमित नियम अनुसार हेतै । रद्द कएलगेल भिषाके लेल मुदा १ महिना ग्रेस समय सँ बेसी भेलापर जरिवाना लागत ।

३ यूएई सँ बाहर रहल आ ६ महिना कटि चुकल भिषा बाहकसभके लेल मुदा अखन दुबईके लेल GDRFA आ आरो ईमिरेट्स के लेल ICA के स्वीकृती चाहि त, सारजाहके लेल ICA Approval नै चाही कहलगेल छै ।

यदि दुबईके भिषा छै आ स्वीकृतीके लेल फारम भरैतकाल भिषा Block या आरो तेहन Error देखेलापर आहाँ सिधे Amer Center के टेलिफोन नंम्बर 0097143139999 Call कर सकैछी अथवा amer@dnrd.ae मे ई-मेल करब ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# आब होम बहादुर वैदेशिक रोजगारीमे नै जेताह



धादिङके ज्वालामुखी गाउँपालिका वडा नम्बर ३ के होम बहादुर पुलामी मगर बिगत ४ वर्ष सँ वैदेशिक रोजगारीके सिलसिलामे दुबईमे छलाह । सुरक्षाकर्मी के रुपमे काम करहल पुलामीके काम कोरोना महामारीके समयमे सेहो सुचारु छलै । काम करहल कम्पनी बेचेला संगे हुनकर रोजगारी सेहो खतम भगेल । तहि सिलसिलामे ऊ साढे एक महिना जते खालीये बैसला । लेकिन, ऊ करिब ८ महिना आगुए नेपाल आईब क कि करब से सोची लेने छलाह । घरमे धर्मपत्नीके तरकारी खेतीके लेल तैयारी कर कहिचुकल छलाह । तहि अनुरुप धर्मपत्नी सेहो करिब ३ कठ्ठा जमिनमे टमाटर खेतीके लेल तैयार केलिह । जखन होम बहादुर कम्पनी बन्द भलक साढे एक महिना जते खाली बैसला, तहि समयमे युट्युबमे भिडियो देखैत सुरंग बनाबके विधी सिखलाह । तहिके माध्यम सँ कृषि विज्ञसभके सम्पर्कमे परामर्श लेलाह । विदेशे सँ धर्मपत्नीके सुरंग बनावके लगाएतके प्राविधिक बातसभ सिखेला । ऊ नेपाल फिर्ता एला जम्मा २०/२५ दिन भेलै, लेकिन हुनका आबतक ३ कठ्ठा जमिने रोपलगेल ४००० गाँछमे टमाटर बढिया सँ फैरचुकल छलै ।

५ लाख लगानीमे शुरु केने टमाटर खेतीमे सुरंग बनाबवला प्लास्टिकके लेल वडा कार्यालय सहयोग केने छै । उत्पादन स्थानीय बजारमे खपत भेल छै । घर फिर्ता आईबक कि करब से चिन्ता नै कर परल छै । महामारीके समयमे प्राय: व्बयवसायमे मन्दी आईबतो होम बहादुरके ब्यवसाय निरन्तर चलिरहल छै । हुनके जेना विदेश सँ फिर्ता आएलसभ सरकार किछ नै केलक कहिक आक्रोस निकालीरहल अछि । बहुतो फेर विदेश जायके विकल्प नै देखरहल अछि । सरकार हुनकासभ जेहन युवा लक्षित कार्यक्रम आनब कहितो कोनो ठोस योजना बनाव नै सकल अछि । लेकिन, हुनका अई बातसभसँ कोनामे असर नै केने छै । ऊ ई परिस्थितीके आँकलन कलक वैदेशिक रोजगारीमे रहिते योजना बनेलाह । तहि अनुरुप तैयारी कलक शूरुवात सेहो केलाह ।

ऊ कहैत छथि, "सरकारके वातावरण बनाबके छै । लेकिन, सब बात सरकारे के कलदेब परत कहिक बैसब त हमेशा बेरोजगारे रहब ।" मेहनती होम बहादुर महामारीके बिचमे गामेमे ईच्छिल पैसा कमारहल छथि । आब होम बहादुर वैदेशिक रोजगारीमे नै जेताह ।



सही सूचना

# काठमाण्डौ उपत्यकामे संक्रमितके संख्या निरन्तर बढ़ैत

कोभिड -  १९ के केन्द्रबिन्दुके रुपमे रहल काठमाण्डौ उपत्यका (काठमाण्डौ, भक्तपुर, ललितपुर) के वर्तमान अवस्था




दैनिक पुष्टि होबवला संक्रमितके संख्या देखबै त, काठमाण्डौ उपत्यका नेपालके सब सँ बेसी जोखिमयुक्त क्षेत्र छै । उपरके ग्राफमे आश्विन १८ गते तक काठमाण्डौ उपत्यकाके दैनिक संक्रमितके संख्या देखाएलगेल छै । अखन तक काठमाण्डौ उपत्यकामे संक्रमितके संख्या जम्मा संक्रमितके एक तिहाई रहल छै । तहिना कलक, अखन सक्रिय संक्रमित मे सँ ५९ प्रतिशत सक्रिय संक्रमित काठमाण्डौ उपत्यकाके छै । अईसँ अखनके समयमे काठमाण्डौमे संक्रमणके दर तिव्र गतिमे बैढ़रहल छै से देखाबैत छै आ अईसँ आबवला दिनमे संक्रमित बढ़ैत गेला सँ जटिल अवस्था निर्माण करदिस सेहो संकेत करैत छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams  @civacts  @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219